Ассаламу гӀалайкум, квербакъайги!

# ЧӀАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧӀАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА
№ 25 (7343) РУЗМАН 16 июнь 2023 сон

12+

## Российялъул къо




***ХӀурматиял ракьцоял! Хириял чӀарадисел!***

***РакI-ракIалъго къабул гьабе пачалихъалъул бищунго аслияб байрам – Российялъул къо барки!***

РакIчIола щивасул рекIелъ цо бакI буго гьавуралдаса нахъего ВатIаналде бугеб рокьиялъе жаваб кьолеб. Россия бокьиялъе буго цо хасаб гIилла. Гьаб улка буго чIахIиял ресалгун кIудияб ракь бугеб, нижее къуватгун кьвакIи ва къо хIехьей кьолеб.

Нилъер улкаялъул буго кIудияб тарих, божи бугеб, ракIчIезе бегьулеб халкъ. Нилъедаса мисал босизе бегьула бокьараб цогидаб улкаялъ. Российялда рукIана ва руго гIалимзаби, бахIарзал, улка гIуцIарал ва нилъер лъикIаб букIинеселъе гIоло гIумру кьолел.

Российялъул къоялда нилъеда хасго бичIчIулеб буго тIолалго халкъазул кьвакIараб ва щулияб гьудуллъиялъул бугеб къуват ва бажари.

Бокьун буго гьаризе Украиналда хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулел нилъер бахIарчиял гIолохъабазе хехго бергьенлъиги босун, чIаго ва сах-саламатго рокъоре тIадруссин.

БукIаян абе нилъер Россия гьениб гIумру гьабулев щивасул талихIаб ва ракIчIараб рукъалъун. Гьарула киназего цебетIей, битIккей ва бугольи.

*ХIурматгун,*
*ЧIарада районалъул бетIер*
***МухIидин МУХIАМАДОВ***

## Медицинаялъул хIалтIухъабазда баркана

***ХIурматиял ЧIарада районалъул сахлъи цIуниялъул хIалтIухъаби ва ветераналъ!***

***РакI-ракIалъго баркула нужеда профессионалияб байрам – медицинаялъул хIалтIухъанасул къо. Российялъул сахлъиялъул сообществоялъ гьеб къо кIодо гьабула щибаб соналъул 18 июналда.***

ЧIарада районалъул сахлъи цIуниялъул хъулухъалда хIалтIулел 310 чияс гIемерал гIадамазул гIумру хвасар гьабуна, нахъбуссинабуна сахлъи ва рохизаруна нус-нус чагIи.

Районалъул сахлъи цIуниялда хIалтIулел руго 10 - ДРялъул мустахIикъав тохтур, 5 - сахлъи цIуниялъул символлъун.

ла хъахIал халгIатал ретIараз.

Баркала кьолеб буго нужее ракIбацIцIадго тIадаб хъулухъалъулаб налъи тIубазабулеб букIиналъухъ, сабруялъухъ, хIалтIи бокьиялъухъ, хIурматияб захIматалъухъ ва ритIухълъиялъухъ. Бищунго захIматаб къо тIаде ккараб заманалда нуж ратула кидаго нижер ахIиялъе кумекалъе ва квербакъиялъе.



Гьеб байрам ккола тохтурасул хъулухъалъул ва захIматалъул, гьединго медсестрабазул, акушеркабазул, фельдшеразул, санитаркабазул, фармацевтазул, медхIалтIухъаби цIализарулел мугIалимзабазул ва гьединго гьеб хъулухъалда ругел цогидал хIалтIухъабазулги мустахIикъав хIалтIухъан, 12 - ДРялъул сахлъи цIуниялъул отличник, 10 тохтурасул буго тIадегIанаб категория, 42 гьоркьохъел сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазулги буго тIадегIанаб категория.

Дунялалде тIоцеве вачIунаго инсан сверун ккун вукIуна ва гьесул тIалаб гьабугун халатаб гIумру.

БукIаян абе тIадегIанасул рахьалъ рахIму-цIоб ва унтаразул рахьалдаса кьолел баркалаби гIемерлъайги.

Щулияб сахлъи, битIккей ва талихI нужее ва гIагараз!

*ХIурматгун,*
*ЧIарада районалъул бетIер*
***МухIидин МУХIАМАДОВ***

## Социалияб хъулухъалъул хIалтIухъабазда байрам баркана

***ХIурматиял социалияб хъулухъалъул хIалтIухъаби ва ветераналъ!***

РакI-ракIалъго баркула нужеда профессионалияб байрам – социалиял хIалтIухъабазул къо!

Нужеца гIумру бухьинабун буго кIвар цIикIкIараб ва рахIмуяб хъулухъалда – хIажатазе кумек ва кверчIвай гьабиялда.

Нужер кIвахI гьечIеб хIалтIул хIасилалда ветераназул, лъимал гIемерал хьизаназул, инвалидазул ва захIматаб ахIвал-хIалалде ккарал гIадамазул ракI чIезабулеб буго киналгIаги дандчIвалел захIмалъаби къезаризе кIолеблъиялда, гьел жидерго къуваталда божараллъун рукIинариялда. Нужеца гьездехун пикру буссинаби гуребги, гьел божизарулел руго ракьалда жеги гIемерал лъикIал ва ракIбацIцIадал гIадамал рукIиналда.

Баркала буго нужее ракIбацIцIадаб хъулухъалъухъ





ва гIадамазе кумекалъе кидаго ратизе хIадурал рукIиналъухъ.

Гьарула нужее гIемерал рохарал къоял, гIадамазул нужедехун бугеб рокьи-хинлъи цIикIкIин, гьезул рахьалъ баркалаби ва щулияб сахлъигун халатаб гIумру.

БукIаян абе нужер захIмат гIадада ккоралеблъун, божилъи ритIухъ гьабулеблъун ва анищал тIуралеблъун!

*ХIурматгун,*
*ЧIарада районалъул бетIер*
***МухIидин МУХIАМАДОВ***

# РекIелъ цIунун хутIизелъун




ЧIарада районалъул Лъалухъ росулъ тIобитIана Украинаялда гIахьаллъулаго хварав Заур МахIатIович ГIумаровасе мемориалияб кьоно рагьиялъул митинг.

Гьеб кIвар цIикIкIараб лъугьа-бахьиналъулъ гIахьаллъи гьабизе гьенире щвана районалъул бетIерасул заместитель ХIусен ГIарабиев, районалъул рагъулав комиссар МухIамад МухIамадов, Гьачада поселениялъул бетIер Имамудин Багьавудинов, ЧIарада районалъул «Инсан» фондалъул нухмалъулев МухIамадшарип МухIамадов, эбел-эмен, Заур МахIатIовичасул лъади цадахъ гьесул васгун, росуцоял, гьудул-гьалмагъзаби.

Росулъ гIумру гьабулез гьалбазе дандчIвай гьабуна росу рагIалдеги рачIун ва гьениса цадахъ ана росдал клубалъул азбаралдехун, гьелъул кьеда бан бугоан мемориалияб кьоноги.

«Жакъа ниж рачIун руго унго-унгояв рагъухьан ракIалде щвезавизе гьесул ВатIаналде. Украинаялда, СВОялда гIахьаллъулаго бахIарчиго хварав нилъер ракьцояв Заур ГIумаровасул бихьинчилъи ва кьо хIехьей нижеца кидаго ракIазуль цIунила. Дица кIудияб баркалаялъул рагIаби абулел руго эбел-эмен МахIатIидагун Хадижат ГIумаровазда гьединав бахIарчияв вас тарбияги кьун гIезавуралъухъ. Гьезие ва лъади ГIайшатиегун лъималазе гьарула сабру ва кьвакIи. Гьаб мемориалияб кьоноялъ ракIалде щвезавила бахIарчи гьаб росулъ гьавурав вукIин», - ян абуна районалъул бетIерасул заместителас.

Хадуб киналго гIахьаллъараз дугIаги гьабун мемориалияб кьоно рагьизе ихтияр кьуна рагъухьанасул эмен МахIатI ГIумаровасе ва вакьад Дибир Дибировасе. Гьезги бицана жидерго васасул гIумруялъул ва киналго гIахьаллъаразе, рачIарал гьалбазе баркала кьуна жал кIодо гьаруралъухъ ва гьабулеб тIалаб-агъазалъухъ.



Данделъиялда районалъул рагъулав комиссарас ракIалде щвезабуна нилъер гьаб гьитIинаб район бахIарзаздалъун бечедаб бугилан.

«Десантазул катералъул командир Заур МахIатIовичасул хIакъалъулъ абизе бокьун буго гьев вукIана майор, кIудияв мичман, гьес гIумру кьуна ВатIаналъе гIоло. Жакъа Заурил бакIги ккун, Россиялъул ВСалъул кьеразулъ хьулухъ гьабулеб буго гьесул вац ГIабасица. Нижеда тIадаб буго хварал бахIарзал ракIазулъ цIунизе. Жигар бахъизе буго гIун бачIунеб гIелги гьединаздаса мисал босулеллъун, гьезда рельълъараллъун лъугьинаризе», - ян лъазабуна МухIамад МухIамадовас.

Гьеб тадбиралда гIахьаллъаразда цере рахъана ЦIуриб ЦДОДалда лъай босарал, гьез бицана ракьцоясул гIумруялъул ва бахIарчиял ишазул.

Заур ГIумаров – десантазул катералъул командир, кIудияв мичман, майор гьавуна 1977 соналда. Каспийскияб флотилиялъул № 40153 рагъулаб часталда 20 соналъ хьулухъ гьабун хадув, гьев Каспийск шагьаралъул военкоматалъ ахIана СВОялъул ракьалда хьулухъ гьабизе. Хасаб рагъулаб операциялда бихьизабураб бихьинчилъиялъухъ ва хIинкъи гьечIолъиялъухъ гьеб часталъул командирасул буюрухъалдалъун гьев вихьизавун вукIана бихьинчилъиялъул орденалъе.

Заур ГIумаров хвана хасаб рагъулаб тIадкъай тIубазабулаго десантазулаб кьокьагун цадахъ «Змеиный» чIинкIиллъиялда. Гьесул хутIана лъади ва 4 лъимер.

ГIумаров Заур МахIатIовичасул бахIарчиял ишал рукIаян абе гIун бачIунеб гIелалъе мисаллъун. Гьев ва гьевго гIадал цогидал рагъухьабиги нижеда киданиги кIочене гьечIо, гьел ракьцоязул ракIазулъ абадиялъего цIунун хутIизе руго!

# Рагъда камурал ракIалде щвеялъе




ЧIарада районалда гьоркьоса кьотIизе тун гьечIо СВОялда гIахьаллъулаго хварал рагъухъаби ракIалде щвеялъе гьарулел тадбирал.

Гьедин гьал кьоязда мемориалияб кьоно рагьана Шалиб росулъа 2023 соналъул 3 марталда Донецк областалъул Ясиноватскиялда рагъулаб налъи тIубазабулаго хварав Артур Жалалудинович МухIамадов ракIалде щвеялъе.

Гьеб рекъезабун буго Шалиб росулъ гьесул херав инсуца гIумру гьабулеб букIараб, эмен гьавураб ва живгоги каникулазда щолев вукIараб умумузулго рукъалъул кьеда. Гьединго гьеб рукъ бугеб кьватIалъе цIарги кьуна хварав кIудияв лейтенантасул.

ХIурматияб кьагIидаялда гьеб кьоно рагьиялъулъ гIахьаллъи гьабуна ЧIарада районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас, цIар рагIарав рагъухьанасул эбел-инсуца, гIагараз, цогидал поселениязул бутIруз ва росуцояз.



«Нилъер улка кьеркьолеб буго нацистазул нухдаса унелгун. ТIолабго Россиялъул аза-азар рагъухъабазда цадахъ нилъер районалдаса гIолохъабиги руго бахIарчиго, жиндирго кинабго кьуватги, лъайги, гIумруги кьун ВатIан цIунулел. Ниж чIухIула Артур Жалалудиновичасдаса ва гьевго гIадал хIинкъи-кьай гьечIого ВатIан цIунулездаса», - ян абуна районалъул бетIер М. МухIамадовас.

МухIамадов Артур Жалалудинович гьавуна 1986 соналъ. 2003 соналда МахIачхъалаялъул №38 школа-гимназияги лъугIизабун, гьев цIализе лъугьана Россиялъул МВДялъул Саратовалъулаб рагъулабгун командованиялъулаб институталде. Гьеб лъугIигун 2008 соналда гьесие щвана тIадегIанаб лъаялъул диплом.

2008 соналдаса хадуб 2 соналъ хьулухъ гьабуна Россиялъул МВДялъул жанисел аскаразул оперативияб ротаялъул командирасул заместителасул хьулухъалда Хабаровскиялда.

Артур МухIамадовас гIахьаллъи гьабуна 2016 абилелдаса 2019 соналде щвезегIан Сириялда букIараб хасаб рагъулаб операциялда, гьелдаса хадуб 2022 соналде щвезегIан вукIана ДНРалъул армейскияб корпусалда мотострелковияб батальоналъул хал кквеялъулаб взводалъул командирлъун.

2022 соналъул ноябралдаса хадув Артур Жалалудинович вукIана РФялъул МОялъул мотострелковияб ротаялъул командирлъун.

37 сон гIумруялъул бугев капитан, «За боевые заслуги», «Участник специальной операции в Сирии» ва «За освобождение Мариуполя» абурал медалазул кавалер вукъана жиндирго гIагараб ЧIарада районалъул Шалиб росулъ.

ТIолалго районалъул захIматчагIазе гьев вуго бахIарчи ва гьев нижер ракIазулъ цIунун хутIизеги вуго бихьинаб хасияталъул, тIадкъараб ишалъе ритIухъав ВатIан цIунулевлъун.

# Акция тIобитIана



Россиялъул къоялъул хIурматалда районалде унеб нухда бугеб «Чакъинуб» кьода тIад кодор РФялъул байрахъалгун тIобитIана патриотикияб акция.

Гьеб буго тахшагьаралдехун ва цогидал районаздехунги унеб аслияб нухалда бугеб кIудияб кьо.

ДЮСШаялда ва ЦДОДалда хIалтIулез ва гьенир лъай босулел лъималаз цадахъаб кьагIидаялда халатаб кьодул цояб рагIалдаса цогидаб рахъалде щвезегIан тIибитIана Россиялъул байрахъ.



Хадуб букIана гьеб кьодаса районалъул центр ЦIуриб росдал аслияб майданалде щвезегIан тIад байрахъалги чIварал автомашинаби рачизе риччаялъул къец.

# Лъималазе лагерал

ЧIарада районалда хIалтIизе байбихьана школазда цере лъималазе сах гьариялъулал къад хIалтIулел лагерал.

Исана гьел рагьана 5 росабазул школазда – Арчиб, Гьочоб, ГIириб, Магъар ва Кьорош.

Лагерал рагьана 7 июналда ва хIалтIизе руго 28 июналде щвезегIан. Гьелги рихьизарун руго анлъгоялдаса 15 соналде щвезегIан гIумруялъул 50-60 лъималаз щибаб. ГIириб лагералдайин абуни гьезул къадар 90-ялде бахъун буго.

Лагеразул хIалтIи байбихьулеб буго радал сагIат ичIгоялде бащалъараб заманалда зарядка гьабиялдаса ва хадуб тIобитIулеб буго линейка. Цинги лъимал кваназарулел руго тIагIамаб, бакIалъулал магIишатазда гьабураб рахьдал нигIматаздалъун.



Къад сагIат цоялде бащалъараб заманалда лъималазе кьолеб буго тIагIамаб чурпа ва хIичи. Гьединго гьезие лагералда кьолел руго батIи-батIиял пихъалгун гьуинлъабиги. Лъималазе гIуцIун буго батIибатIиял рекIелгъеялъулал тадбиразул планалги. СагIат лъабгоялде бащалъараб заманалда лагерал къалелги руго.

Вожатияллъун хIалтIулел руго гьелго школазул учительзаби. Цадахъ гьез гьарулел руго походал, батIибатIиял хIаял, малъулел руго исламалъул кьучIал, кьолел руго ИКТялъул дарсал, тIоритIулел руго викторинаби ва мастер-классал. Хасаб кIвар кьолеб буго лъималазе сахаб квен чIезабиялде. Цоцо росабалъ гьениса лъималазда цадахъ хIухьбахъи гьабулел руго цогидал бакIаздаса рачIарал лъималазги.



# Пачалихъияб байрамалде

Россиялъул къоялъул хIурматалда ЦIуриб росулъ тIобитIана школалъул цIалдохъабазда гьоркьоб велосипедал риччаялъул къецал. Гьеб мехалда букIине буго къвакIараб пачалихъги», - ян.



Къецазул хIасилал гьарулаго тIоцебесеб бакI ккуна МухIамад Ибрагьимовас, кIиабилеб бакIалде вачIана ГIабас Сиражудиновас ва лъабабилеб бакI щвана МухIамад МухIамадовасе.

Лъималазда байрам баркулаго ДЮСШалъул директор Расул АхIматIиловас абуна: «Нилъер улкаялъе хIажат бугин сахаб, къвакIараб гIолохъанлъи. Гьединлъидал, киназго жигар бахъизе ккола спорталъулъ гIахьаллъизе, нужерго черх лъадаризе.

Районалъул ДЮСШалъул хIалтIухъабаз бергьаразе баркиялъул рагIабиги абун кьуна медалал, грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.



# Алгоритм детской безопасности на дороге




Телефон и наушники опасны на дороге!

Знаете ли Вы, что разговаривая по телефону или слушая музыку в наушниках, Вы теряете бдительность и не обращаете внимание на проезжую часть? Это может спровоцировать столкновение или наезд!

Носите светоотражающие элементы!

Не становитесь для водителя невидимкой, будьте аккуратны, внимательны и обязательно носите светоотражающие элементы. Их следует крепить на одежду, сумки рюкзаки и на самокат или велосипед.

Переходя дорогу, спускайтесь с велосипедов и самокатов!

Не забывайте о важном правиле переходить дорогу пешком, а самокат, велосипед или гироскутер везти рядом. Так угол обзора шире, и Вы сможете вовремя среагировать, если на дороге появится препятствие.

*Начальник ОМВД России по Чародинскому району*
***М.С. САЛАМОВ***

ОГИБДД ОМВД России по Чародинскому району информирует:

# Стань заметней на дороге!

В целях снижения количества ДТП с участием детей-пешеходов и популяризации использования юными пешеходами светоотражающих элементов регулярно проводятся информационно-пропагандистские акции «Засветись, стань заметней на дороге!».

Световозвращатель на одежде - на сегодняшний день реальный способ уберечь ребенка от травмы на неосвещенной дороге. Принцип действия его основан на том, что свет, попадая на ребристую поверхность из специального пластика, концентрируется и отражается в виде узкого пучка. Когда фары автомобиля «выхватывают» пусть даже маленький световозвращатель, водитель издалека видит яркую световую точку. Поэтому шансы, что пешеход или велосипедист будут замечены, увеличиваются во много раз.

Например, если у машины включен ближний свет, то обычного пешехода водитель увидит с расстояния 25-40 метров. А использование световозвращателя увеличивает эту цифру до 130-240 метров!

Маленькая подвеска на шнурке или значок на булавке закрепляются на одежде, наклейки - на велосипеде, самокате, рюкзаке, сумке. На первый взгляд световозвращатель выглядит как игрушка.

Но его использование, по мнению экспертов по безопасности дорожного движения, снижает детский травматизм на дороге в шесть с половиной раз! Световозвращатель не боится ни влаги, ни мороза – носить его можно в любую погоду.

**ВИДЫ СВЕТООТРАЖАЮЩИХ ЭЛЕМЕНТОВ**

Световозвращающий элемент – изделие, не являющееся предметом одежды и используемое в качестве вспомогательного средства для обеспечения видимости человека.

Подвешиваемый световозвращатель (подвеска) – изделие, подвешиваемое на одежду или часть тела, которое при необходимости можно легко подвешивать и снимать.

Съемный световозвращатель (значок) – изделие, временно прикрепляемое к одежде или надеваемое на какую-либо часть тела и снимаемое без помощи инструментов.

Несъемное световозвращающее изделие (наклейки) – изделие, предназначенное быть постоянно закрепленным.

Гибкое световозвращающее изделие (браслет) – изделие, способное наматываться на стержень в любом направлении без видимой деформации.

Площадь световозвращающего элемента должна составлять не менее 15 – 50 квадратных сантиметров.

**КАК ПРАВИЛЬНО НОСИТЬ?**

Световозвращающие элементы нужно прикрепить к верхней одежде, рюкзакам, сумкам, велосипедам, роликам или детским коляскам таким образом, чтобы при переходе или движении по проезжей части на них попадал свет фар автомобилей. Рекомендуется закреплять световозвращатели с двух сторон объекта, чтобы световозвращатель оставался видимым во всех направлениях к приближающимся. Теперь о требованиях к световозвращателям: в ПДД таких требований нет. Ни по цвету, ни по форме, ни по размеру, ни по месту размещения. Главное, чтобы световозвращающие элементы присутствовали и были видны водителям.

**СВЕТОВОЗРАЩАЮЩИЕ ЭЛЕМЕНТЫ НА ДЕТСКОЙ ОДЕЖДЕ**

Пешеходы – это самая незащищённая категория участников движения. Только в минувшем году в стране было совершено 72 тысячи наездов на пешеходов, это составляет более трети от общего числа ДТП. Каждый тринадцатый пострадавший в ДТП – это по-прежнему ребёнок. Поэтому родителям следует позаботиться о дополнительных мерах безопасности. В тех странах, где использование световозвращателей на детской одежде введено в обязательном порядке, детский травматизм на дорогах снизился в 6 – 8 раз. Это очень важное достижение, фликер – не просто блестящий значок, делающий пешехода заметным. Он формирует определённую психологию, призывающую человека быть осторожным. Ведь даже цвет одежды влияет на безопасность. Для пешехода очень важно быть (видным). И не все родители это понимают, выбирая (практичные) тёмные тона. А ведь это делает пешехода практически незаметным, особенно в пасмурную погоду, в сумерки.

И большинство наездов транспорта на пешеходов происходят именно из-за действий такого пешехода-невидимки, происходят столкновения транспорта или наезды его на различные препятствия. Применение световозвращателей (катафотов) пешеходами более чем в 6,5 раз снижает риск наезда транспортного средства на пешехода в тёмное время суток. При движении с ближним светом фар водитель замечает пешехода со световозвращающим элементом с расстояния 130 – 140 метров, когда без него – в лучшем случае с расстояния 25 – 40 метров. При движении с дальним светом он заметит пешехода на расстоянии до 400 метров.

***Уважаемые родители! Давайте обезопасим самое дорогое, что есть у нас в жизни – наше будущее, наших детей!***

Многие производители детской одежды заботятся не только о красоте и удобстве своей продукции, но и безопасности юного пешехода, используя светоотражающие элементы: рисунки на куртках, вставные полоски и т.д. При выборе отдавайте предпочтение именно таки моделям. При отсутствии специальной одежды необходимо приобрести другие формы светоотражающих элементов, которые могут быть размещены на сумках, куртке или других предметах. Такими же элементами безопасности следует оснастить санки, коляски, велосипеды. Формы светоотражательных элементов различны. Знаки и подвески удобны тем, что их легко переместить с одной одежды на другую. Самоклеющие наклейки могут быть использованы на любых поверхностях (искусственная кожа, металлические части велосипедов, колясок и т.д.), термоактивируемые наносятся на ткань с помощью утюга. Есть и специальные светоотражающие браслеты. Приучайте себя и своих детей пользоваться доступными средствами безопасности.

Уважаемые родители! Научите ребенка привычке соблюдать правила дорожного движения. Побеспокойтесь о том, чтобы Ваш ребенок «засветился» на дороге. Примите меры к тому, чтобы на одежде у ребенка были светоотражающие элементы, делающие его очень заметным на дороге. Помните - в темной одежде маленького пешехода просто не видно водителю, а значит, есть опасность наезда.

***БЕЗОПАСНОСТЬ ДЕТЕЙ – ОБЯЗАННОСТЬ ВЗРОСЛЫХ! СВЕТООТРАЖАТЕЛИ СОХРАНЯТ ЖИЗНЬ!***

# Правила безопасности при путешествии в горах

- Не выходить на трудный участок маршрута без предварительной подготовки и акклиматизации.

- Не выходить на маршрут при явно неблагоприятных условиях: через 2-3 дня после обильного снегопада, в туман, при низкой температуре, сильно выраженной лавинной опасности.

- Избегать движения в ненастье, в тумане, в темноте, поздно вечером. Основную часть дневного похода совершать в утренние часы.



- При движении в горах не употреблять спиртных напитков: это предохранит организм от вредных последствий и опасного поведения.

- При малейшем сомнении в безопасности прибегать к страховке.

- Избегать подъемов и спусков по желобам со свободнолежащими камнями.

- При переправе иметь спасательные посты перехвата.

- При лазании избегать перекрещивания рук и ног, что уменьшает устойчивость тела.

- При лазании не допускать резких движений, не опираться на колено.

- Страховка и самостраховка обязательна, когда существует угроза падения, получения травмы и когда отсутствует возможность самозадержания.

- Спуск производить путём движения по скалам без прыжков, медленно.

*Начальник ОМВД России по Чародинскому району М.С. САЛАМОВ*

# *Авар кицаби ва абиял*

- ТIохде ине кIухIалал рохьоре ине ккола.
- ТIохол гьоболасдасаги гьанал гIагарлъиялдасаги хабар лъикI гьабе.
- ТIоцебесеб соналъ бугIаги хIунчулеб, кIиабилеб соналъ гьолоцин хIунчулареб.
- Умумазул адаб тарас, халкъалъул нусцIул тола.
- Умумазул кици цониги гIодоб хутIуларо.
- Умумузул малъи – магьилъе балеб цIад.
- Унареб гIертIихъ балагьун, унеб парччи тоге.
- Унаревила хIалихьат рохьове, ани, рохьго баччун вачIуневила.
- Унесе нух битIаги, чIолесе рукъ битIаги.
- Унтарав чи меседил тахидасаги разилъуларо.
- Унтиги, тушманги, цIаги хIакъираблъун бихьуге.
- Унтулареб черх букIунареб, чурулареб боцIи букIунареб.
- Ургъалица черх квараб, чоца гьор квараб.
- Ургъел гьечIеб жоялъе хьихьари дагьаб.
- Ургъел гьечIеб рукъ гьечIеб.
- Ургъел гьечIев чи ватичIев, чехь бухIичIеб черх батичIеб.
- Ургъел гьечIесе ворчIи дагьаб.
- Ургъел гьечIесул гIагIай кIудияб.
- Ургъел макьигъдулеб, рокьи гьабудулеб.
- УргьичIого борчIараб рагIи – ишан кквечIого рехараб чIор.
- УргьичIого кIалъарав кIицIул хола.
- Ургъун рагIи гъваридаб, гъвалил тIатIи биццатаб.
- Ургъун гьабе, аралда хадуб ракI бухIуге.
- Ургьиб бугеб лъаларо, лъороб бугеб бихьуларо.
- Ургьиб кIвекIун, кIалдиб чIамун гурони рагIи бицунге.
- Ургьибе ккараб жоялда саву кколаро.
- Устар лъала къайи бихьун.
- Устарасул къед квешаб, къебедасул нус квешаб.
- Учузаб жо лъикIаб букIунаро.
- Хабалъ жаназа лъезегIанго, гIурай яс росасе кье.
- Хабар гIемералъуб иш дагьаб.
- Хадуб ккараб жо бацIица чIвала.

**<u>ЧIАРАДА</u>**
**БетIерай редактор** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**<u>Газета гIуцIарал:</u>**
**«ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация**
**<u>Учредитель:</u>**
**Администрация муниципального образования «Чародинский район»**

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5 Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес***